

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké desain “*One Group Pretest and posttest*”. Dina ieu desain panalungtikan, tés dilakukeun dua kali nya éta saméméh ékspérimén disebut pratés ( $O_1$ ), jeung sabada ékspérimén disebut pascatéés ( $O_2$ ). Bédana antara  $O_1$  jeung  $O_2$  nya éta  $O_1 - O_2$  dihartikeun minangka éfék tina *treatment* atawa ékspérimén (Arikunto, 2013, kc. 124). Desain panalungtikan katitén di handap.

Pola:

$O_1 \text{ X } O_2$

Katerangan:

$O_1$ : tés awal (pratés)

X: perlakuan maké modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)

$O_2$ : tés ahir (pascatéés)

#### 3.2 Subjék Panalungtikan

Anu jadi subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XI IPS 1 SMA PASUNDAN 7 Bandung anu jumlah siswana 8 awéwé jeung 7 lalaki. Dipilihna siswa kelas XI IPS 1 jadi subjék panalungtikan, sabab asorna minat siswa kelas XI IPS 1 dina nulis karangan narasi. Pikeun ngukur ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa dina nulis karangan narasi diajén dua kali nya éta, saméméh dibéré perlakuan (pratés) jeung sabada dibéré perlakuan (pascatéés) maké modél pangajaran *Think-Talk-Write*.

#### 3.3 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XI IPS 1 SMA PASUNDAN 7 Bandung taun ajaran 2015/2016. Cara nangtukeun sumber datana nya éta maké *purposive sample*. Ieu panalungtikan didasaran lantaran kurangna kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPS 1 SMA PASUNDAN 7. Ditilik tina harti adeganana, tanaga panalungtik jeung waktu anu

Akmad Musodiq, 2016

**MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS KARANGAN NARASI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kawatesanan tangtu moal sakabéh kelas bisa ditalungtik. Ku kituna, ditangtukeun siswa kelas XI IPS1 salaku sumber data dina ieu panalungtikan.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2009, kc. 148) nétélakeun yén “*Instrumen penelitian adalah suatu alat yang digunakan untuk mengukur fenomena alam maupun sosial secara diamati*”. jadi, instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur hiji kajadian alam atawa sosial ku cara ditalungtik.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tinulis. Tés mangrupa saruntuyan patarosan atawa latihan anu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku pribadi atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193).

Tés tinulis anu digunakeun nya éta tés aplikatif (penerapan) anu dipiharep ayana kamampuh ngalarapkeun pangaweruh tioritis siswa kana kagiatan praktis tur konkrit. Ogé ku makéna suasana anu nyaman jeung *penataan* bangku sacara kelompok anu geus dirarancang ku modél pangajaran *Think-Talk-Write*.

Dumasar kana téhnisna, ieu panalungtikan maké obsérvasi langsung, nya éta obsérvasi anu dipaké sacara langsung kana objék anu ditalungtik. Ieu tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Think-Talk-Write*.

Lembaran instrumén pratés jeung pascaténs anu bakal digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

#### 1. Lembaran kerja pratés jeung pascaténs


Wasta: .....

Kelas: .....

Sok ku hidep bayangkeun hiji kajadian (pangalaman), tuluy tulis dina wangun karangan narasi!

### 3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan dijéntrékeun ngaliwatan bagan di handap.



Bagan 3.1

#### Posedur Panalungtikan

Panalungtikan maké ieu modél dilaksanakeun ngaliwatan Praté jeung pascaté, nganalisis data jeung nyieun kacindekan, dijéntrékeun ieu di handap.

#### 1) Tatahar

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, dikonsultasikeun heula jeung guru basa Sunda SMA Pasundan 7 Bandung ngeunaan masalah siswa dina nulis karangan narasi anu aya dina kurikulum KTSP 2006 kelas XI. Sanggeus dikonsultasikeun, tuluy disusun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah maké modél *Think-Talk-Write*.

#### 2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Sanggeus kapanggih masalah pangajaran nulis siswa kelas XI IPS 1 SMA Pasundan 7 Bandung, dilaksanakeun panalungtikan ka éta kelas. Fungsina panalungtikan ka kelas, nya éta pikeun ngumpulkeun data. Téknik anu dipake dina ieu panalungtikan nya éta maké tés. Tés dilaksanakeun dua kali, nya éta

pratés jeung pascatés. Pratés dilaksanakeun saméméh perlakuan (*treatment*), anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis karangan narasi saméméh maké modél pangajaran *Think-Talk-Write*. Sedengkeun pascatés dilaksanakeun sanggeus perlakuan (*treatment*), anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis karangan narasi sanggeus maké modél *Think-Talk-Write*.

### 3) Nganalisis Data

Data anu geus aya nya éta data tina hasil pratés jeung pascatés. Sanggeus kitu, tuluy dianalisis ku cara maké rumus-rumus statistik.

### 4) Kacindekan

Sanggeus tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, tuluy dijieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

## 3.6 Analisis Data

### 3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Kagiatan nganalisis jeung ngolah data salaku cara anu dipaké pikeun meunangkeun jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Data nu diolah jeung dianalisis kaasup kana data hasil kamampuh awal (Pratés) jeung hasil kamampuh ahir (pascatés).

Aya sababaraha léngkah anu kudu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh awal (prétes) jeung data hasil kamampuh ahir (pascatés).

### 3.6.1.1 Mariksa jeung Méré Peunteun Hasil Pratés jeung Postés

Sangkan mikanyaho hasil awal jeung ahir karangan narasi siswa, dipeunteun dumasar kana tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.1

Pedoman Skala *Penilaian* Nulis Karangan narasi

Aspék <i>Penilaian</i>	Skor
Eusi Carita	
Imajinasi	
Tokoh jeung Penokohan	
Plot/Galur	
Hubungan antar Paragraf	
Mékanik (éjahan jeung diksi)	
Gaya	
Jumlah	
<i>Nilai</i>	

(Nurgiyantoro, 2012, kc. 488)

Format Skala Peunteun Nulis Karangan narasi

1) Eusi Carita

Skor 4 = Hadé pisan: substantif, informasina pepel, mekarkeun idena hadé, sarta rélevan jeung téma.

Skor 3 = Cukup hadé: lumayan substantif, informasina lumayan pepel, mekarkeun idena lumayan hadé, sarta lumayan rélevan jeung téma.

Skor 2 = Kurang: kurang substantif, informasina kurang pepel, mekarkeun idena kurang hadé, sarta kurang rélevan jeung téma.

Skor 1 = kurang pisan: henteu substantif, informasina henteu pepel, mekarkeun idena henteu hadé, sarta henteu rélevan jeung téma.

2) Imajinasi

Skor 4 = Hadé pisan: imajinasina kuat sarta diolah kalawan hadé.

Skor 3 = Cukup hadé: imajinasina cukup kuat sarta diolah kalawan cukup hadé.

Akmad Musodiq, 2016

**MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS KARANGAN NARASI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Skor 2 = Kurang: imajinasina kurang kuat sarta diolah kalawan kurang hadé.

Skor 1 = Kurang pisan: imajinasina henteu kuat sarta diolah kalawan henteu hadé.

### 3) Tokoh jeung Penokohan

Skor 4 = Hadé Pisan: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watek anu digambarkeun jelas pisan.

Skor 3 = Cukup hadé: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watek anu digambarkeun cukup jelas.

Skor 2 = Kurang: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watek anu digambarkeun kurang jelas.

Skor 1 = Kurang pisan: teu aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watek anu digambarkeun teu jelas.

### 4) Plot/Galur

Skor 4 = Hadé Pisan: plot/galur digambarkeun jelas pisan jeung jalan caritana gampang dipikaharti.

Skor 3 = Cukup hadé: plot/galur digambarkeun cukup jelas jeung jalan caritana cukup dipikaharti.

Skor 2 = Kurang: plot/galur digambarkeun kurang jelas jeung jalan caritana kurang dipikaharti.

Skor 1 = Kurang pisan: plot/galur digambarkeun teu jelas jeung jalan caritana teu dipikaharti.

### 5) Hubungan antar Paragraf

Skor 4 = Hadé Pisan: hubungan antar paragraf kagambar hadé pisan sarta silih lengkepan.

Skor 3 = Cukup hadé: hubungan antar paragraf kagambar cukup hadé sarta cukup silih lengkepan.

Skor 2 = Kurang: hubungan antar paragraf kagambar kurang hadé sarta kurang silih lengkepan.

Skor 1 = Kurang pisan: hubungan antar paragraf henteu kagambar sarta teu silih lengkepan.

## 6) Mékanik (Éjahan jeung Diksi)

Skor 4 = Hadé Pisan: ngawasa aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan éjahan.

Skor 3 = Cukup hadé: sakapeng aya kasalahan éjahan, tapi teu matak ngarobah ma'na.

Skor 2 = Kurang: loba kasalahan éjahan sarta ma'na ngabingungkeun atawa teu dipikaharti.

Skor 1 = Kurang pisan: teu ngawasa aturan penulisan, kasalahan éjahan loba pisan, tulisan teu kabaca, jeung teu pantes pikeun diajén.

## 7) Gaya

Skor 4 = Hadé Pisan: gaya nu dipaké éféktif pisan, sarta matak ngirut ati.

Skor 3 = Cukup hadé: gaya nu dipaké cukup éféktif, sarta matak cukup ngirut ati.

Skor 2 = Kurang: gaya nu dipaké kurang éféktif, sarta matak kurang ngirut ati.

Skor 1 = Kurang pisan: gaya nu dipaké teu éféktif, sarta matak teu ngirut ati.

Sangkan leuwih jelas, hasil peunteun ahir siswa ti *penilai 1* jeung *penilai 2* diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

## Peunteun Tés Nulis Karangan Narasi Siswa Kelas XI IPS1

KDKS	Aspék Penilaian ti P1 & P2																					N
	A			B			C			D			E			F			G			
	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	
S01																						
S02																						
S03																						
.....																						
Σ																						

Keterangan:

KDKS : Kode Data Karangan Siswa

A : Eusi Carita

B : Imajinasi

Akmad Musodiq, 2016

**MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS  
KARANGAN NARASI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- C : Tokoh jeung Penokohan  
 D : Plot/Galur  
 E : Hubungan antar Paragraf  
 F : Mékanik  
 G : Gaya  
 N : Nilai  
 P1 : *Penilai 1*  
 P2 : *Penilai 2*  
 R : Rata-rata

Satuluyna, éta *nilai mentah* diolah pikeun niténan rata-rata kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPS 1

Tabél 3.3

Rata-rata Kamampuh Nulis Karangan Narasi Siswa kelas XI IPS 1

KDKS	Aspék penilaian							Skor	Nilai	Keterangan
	A	B	C	D	E	F	G			
S01										
S02										
S03										
.....										
$\Sigma$										
X										

Keterangan:

KDKS : Kode Data Karangan Siswa

- A : Eusi Carita  
 B : Imajinasi  
 C : Tokoh jeung Penokohan  
 D : Plot/Galur  
 E : Hubungan antar Paragraf  
 F : Mékanik  
 G : Gaya

Akmad Musodiq, 2016

**MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS KARANGAN NARASI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



N : Nilai  
 $\Sigma$  : Jumlah skor  
 X : Rata-rata

Skala rata-rata:                    1,0 – 2,0: kurang  
    2,1 – 3,0: cukup  
    3,1 – 4,0: hadé

Katégori: perséntase  $\geq 70\%$  siswa dianggap mampu nulis karangan narasi.  
                  perséntase  $\leq 70\%$  siswa dianggap can mampu nulis karangan narasi.

### 3.6.2 Uji Sifat Data

#### 1) Uji Normalitas

Uji normalitas miboga udagan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa maké rumus *chi* kuadrat ( $X^2$ ). Dina nguji normalitas, aya sababaraha léngkah anu kudu dilakukeun, nya éta:

a) ngitung rentangan (r)

$$r = X_{\text{maks}} - X_{\text{min}}$$

r = rentang

$X_{\text{maks}}$  = skor panggedéna

$X_{\text{min}}$  = skor pangleutikna

(Djiwandono, 2011, kc. 220)

b) ngitung jumlah kelas (k)

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

k = lobana kelas

n = lobana data (frékuénsi)

3,3 = bilangan konstan

(Sugiyono, 2013, kc. 35)

c) nangtukeun panjang kelas (p)

$$p = \frac{r}{K}$$

p = panjang kelas (Interval Kelas)

r = rentang (jangkauan)

K = lobana kelas

(Sugiyono, 2013, kc. 37)

d) nyieun tabél distribusi frékuénsi pratés jeung pascaté

Tabél 3.4

Frékuénsi Pratés jeung Pascaté

No	Kelas Interval	$f_i$	$x_i$	$x_i^2$	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
	$\Sigma$					

Katerangan:

$f_i$  : frékuénsi pratés

$x_i$  : frékuénsi pascaté

$\Sigma$  : jumlah

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

e) ngitung rata-rata (*mean*) peunteun Pratés jeung pascaté

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan:

$\bar{x}$  : rata-rata nilai tés (mean)

$\sum f_i x_i$  : jumlah subjék (data) dikali nilai tengah

$\sum f_i$  : jumlah subjék (data)

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

f) néangan standar déviasi maké rumus

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Katerangan:

 $sd$  = standar déviasi $\sum f_i x_i^2$  = jumlah frékuénsi nilai $(\sum f_i x_i)^2$  = jumlah frékuénsi nilai x kuadrat $n$  = jumlah subjék panalungtikan

(Sugiyono, 2013, kc. 58)

g) nyieun frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Anapon léngkah-léngkahna nya éta:

(a) nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung ékspéktasi

Tabél 3.5

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspétasi

Kelas Interval	$O_i$	BK	Z	$Z_{\text{Tabél}}$	L	$E_1$	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
$\Sigma$							

(b) nangtukeun kelas frékuénsi obsérvasi ( $O_i$ )

(c) nangtukeun batas kelas (BK). Batas kelas mangrupa nilai tepi kelas handap dikurang 0,5 jeung nilai tepi kelas luhur ditambah 0,5.

(d) nangtukeun  $Z$  (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{Bk - \bar{x}}{SD}$$

Katerangan:

$Z$  : transformasi normal atawa batas kelas handap

$BK$  : batas kelas luhur atawa batas kelas handap

$\bar{x}$  : peunteun rata-rata skor

$SD$  : standar déviiasi

(e) nangtukeun  $Z_{\text{tabél}}$ .

(f) nangtukeun legana unggal kelas interval ( $L$ )

$$L = Z_{\text{itung}} - Z_{\text{tabél}}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 80)

(g) nangtukeun rumus-rumus frékuénsi ékspéktasi

$$E_i = n \times L$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

(h) nangtukeun nilai chi kuadrat ( $\chi^2$ )

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

(i) nangtukeun darajat kabébasan ( $dk$ )

$$dk = k - 3$$

(Sugiyono, 2013, kc. 82)

(j) nangtukeun *chi*-kuadrat tina daftar  $X^2_{\text{tabél}}$ .

(k) nangtukeun normalitas maké kritéria

$$X^2_{\text{itung}} \leq X^2_{\text{tabél}} : \text{hartina distribusi data normal}$$

$$X^2_{\text{itung}} \geq X^2_{\text{tabél}} : \text{hartina distribusi data teu normal}$$

## 2) Uji Homogénitas

Tujuan tina homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna aya sababaraha léngkah ieu di handap.

a) Ngitung variasi ( $S^2$ ) unggal kelompok

(a) Variasi tés awal

$$S_1^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

(b) Variasi tés ahir

$$S_2^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

b) Ngitung harga variansi (F)

$$F = \frac{S_1^2}{S_2^2}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 140)

c) Ngitung derajat kebebasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(Arikunto, 2013, kc. 360)

d) Nangtukeun harga  $F_{\text{tabél}}$

e) Nangtukeun homogén atawa henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap:

(a) Lamun  $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$  : hartina variasi sampel homogén.

(b) Lamun  $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$  : hartina variasi sampel teu homogén.

### 3) Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil Praténs jeung pascaténs. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan pangaruh dipakéna modél pangajaran *Think-Talk-Write* pikeun ngaronjatkeun kamampuh karangan narasi siswa SMA kelas XI SMA Pasundan 7 Bandung taun ajaran 2015/2016. Sangkan leuwih jéntré, uji gain (d) maké tabél ieu di handap.

Tabél 3.6  
Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Karangan narasi

KDKS	Praté								Pascaté								d	d <sup>2</sup>	
	Aspék penilaian							N	Aspék penilaian							N			
	A	b	c	d	e	f	g		a	b	c	d	e	f	g				
S01																			
S02																			
...																			
Σ																			
X																			

Katerangan:

KDKS : Kode Data Karangan Siswa

A : Eusi Carita

B : Imajinasi

C : Tokoh jeung Penokohan

D : Plot/Galur

E : Hubungan antar Paragraf

F : Mékanik

G : Gaya

N : *Nilai*

Σ : Jumlah

X : Rata-rata

d : Uji Gain

#### 4) Uji Hipotésis

Aya sababaraha hal anu kudu dilakukeun dina tahap uji hipotésis

a) Ngitung rata-rata (mean)

$$Md = \frac{\Sigma d}{n}$$

Akmad Musodiq, 2016

MODÉL PANGAJARAN THINK-TALK-WRITE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS  
KARANGAN NARASI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Arikunto, 2013, kc. 350)

b) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$Dk = n - 1$$

(Arikunto, 2013, kc. 365)

c) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

d) Ngitung tés signifikasi

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

Md : rata-rata (mean)

n : jumlah subjék dina sampel

 $\Sigma x^2 d$  : jumlah kuadrat déviiasi

t : tés signifikasi

(Arikunto, 2013, kc. 349)

e) Pikeun nangtukeun hipotésis ditarima atawa henteu, dumasar kana ieu di handap:

- (a) Upama  $t_{itung} > t_{tabel}$  (Hipotesis Ditarima), hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak, dicindekkeun yén modél *Think-Talk-Write* (TTW) signifikan dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPS 1 SMA PASUNDAN 7 Bandung.
- (b) Upama  $t_{itung} < t_{tabel}$  (Hipotesis Ditolak), hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditolak jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditarima, dicindekkeun yén modél *Think-Talk-*

*Write* (TTW) teu signifikan dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas XI IPS 1 SMA PASUNDAN 7 Bandung.